



Onore elèv atlèt nou yo

Chè Nouyòkè,

Mwen apèn retounen soti nan lekòl kote rasin (alma mater) mwen ye, Hillcrest High School, pou yon seremoni konsekrasyon pou chanje non jimnazyòm lekòl la pou onore Ken Gershon, ki te antrenè basketball Hillcrest pandan lontan. Nan 30 ane li te pase kòm antrenè nan Hillcrest, li pa te janm rate yon sèl match.

Epi pandan mwen p at gen chans fè pati ekip antrenè Gershon (yon desepsyon jiska jodi a), devouman l te kite yon enpresyon ki dirab anpil. Pou mwen, antrenè Gershon reprezante pisans espò – pou ini, motive ak enspire nou pou grandi ak fè pwogrè.

Se poutèt sa, mwen tèlman fyè-de elèv atlèt ak antrenè Lig atlèt lekòl leta (Public Schools Athletic League, PSAL) yo. Pandemi an te entèwonp plizyè pwogram atletik nou te genyen, men elèv nou yo ak estaf la te ensiste. Kounye a, avèk plis pase 46000 atlèt PSAL nan plis pase 3400 ekip, nou sou wout pou rive nan nivo— epi nou espere menm depase— nivo patisipasyon avan pandemi an.

Non sèlman ekip espò nou yo retounen ak vin pi solid pase toutan, men n ap kontinye agrandi, amelyore ak pote inovasyon. Nou vle asire elèv nou yo jwenn aksè nan plis diferan kalite espò posib. Kidonk anplis opsyon ki plis tipik tankou soccer, track ak volleyball, nou ofri cricket, bowling, tenis tab, rugby ak double dutch, tou. Nou anbake tou nan plizyè renovasyon ak restorasyon nan enstalasyon atletik nou yo, soti nan teren espò ki nan campus Kennedy ak Jefferson High School la, pou rive nan pisin ki nan campus DeWitt Clinton High School la. Mwen te patisipe nan seremoni inogirasyon pisin DeWitt Clinton lan semèn pase ansanm avèk prezidan Bronx Borough a, Vanessa Gibson, manm konsèy vil Eric Dinowitz, ak komisè pak NYC, Sue Donoghue—epi te plen enèji nan moman an. Elèv atlèt nou yo pare pou byen itilize pisin lan.

Nou bay elèv yo tou kapasite pou imagine nouvo posiblite ak bati lavni ki solid atravè espò. Dènyèmman nou te fè ekspozisyon anyèl softball ak baseball pou atlèt PSAL yo pou montre antrenè kolèj ak eskout yo kapasite yo. Epi mwa pase, ekip football Erasmus Hall Campus la te vwayaje jiska Lond (Angletè) pou fè konpetisyon ak NFL Academy nan UK. Nou te òganize yon seremoni orevwa fòmidad pou ekip la nan biwo santral nou an, kote mwen te raple yo: se pa viktwa ni defèt ki konte. Se patisipasyon an, bay meyè noumenm ak aprann apati eksperyans entènasyonal inik sa a. Mwen panse antrenè Gershon t ap dakò avèk sa.


Pandan n ap rantre nan seri eliminatwa espò otòn yo, mwen ankouraje w patisipe avèk nou nan yon pwochen match eliminatwa oswa yon chanpyona. Pou jwenn orè ekip ou pi renmen an, tcheke [sitwèb](#) PSAL nou an oswa suiv PSAL sou [X](#), [Instagram](#), oswa [Threads](#).

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Vedeyo aktyalite nou an:



Men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa mesaj imèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).